XALIQ DEPUTATLARI NO'KÍS QALASI KEŃESINIŃ SHESHIMI

XALQ DEPUTATLARI NUKUS SHAHAR KENGASHINING QARORI

No'kís qalasi, A.Dosnazarov ko'shesi, 96 **Nukus shahri, A.Dosnazarov ko'chasi, 96**

2022 - yil 6 - may VI-44-64-13-195-K/22 Nókis qalası hákimligi

Қарақалпақстан Республикасы Нөкис районлараралық ҳәкимшилик суды тәрепинен әдил судлаўды әмелге асырыў, нызамшылықты беккемлеў жолында 2022-жыл I-шереги даўамында әмелге асырылған жумыслары ҳаққында

Өзбекстан Республикасы Президенти Ш.М.Мирзиёевтың 2017-жыл 13-июньдағы суд уйымлары системасында әдил судлаўды тәмийнлеў бағдарындағы жумысларының жағдайы, машқалалары ҳәм келешектеги ўазыйпаларға бағышланған видеоселектор мәжилислеринде судьялар жумысы бойынша халық депутатлары жергиликли Кеңеслеринде мәлимлеме бериўи менен байланыслы әмелиятты жолға қойыў кереклиги атап өтилген еди. Бул бағдардағы белгилеп берилген ўазыйпалардан келип шығып, Халық депутатлары Нөкис қалалық Кеңеси

ШЕШИМ ЕТЕДИ:

1. Қарақалпақстан Республикасы Нөкис районлараралық ҳәкимшилик суды тәрепинен әдил судлаўды әмелге асырыў, нызамшылықты беккемлеў жолында 2022-жыл I-шереги даўамында әмелге асырылған жумыслары ҳаққында суд баслығы Б.Досымбетовтың мәлимлемеси мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

2. Нөкис районлараралық ҳәкимшилик судына:

- ҳәр бир ҳуқықбузарлық ҳалатларын мәҳәлле ҳәм жәмийетшилик қатнасында терең анализлеў, көшпели суд мәжилислеринде, халық арасында көриўди жанландырыў;

- ҳуқықый үгит-нәсият ислерин буннан да жеделлестириў, халық пенен көбирек ашық сәўбетлер өткериў;

- физикалық ҳәм юридикалық шахслардың мүрәжәәтлерин қарап шығыўда көшпели жеке қабыллаў жумысларын еле де күшейттириў;

- судлар тәрепинен өткерилип атырған көшпели суд мәжилислеринде, айрықша уйғарыўлар ҳәм усыныслардың додаланыўларында, судлардың ҳуқықый үгит-нәсият жумыслары ҳәм ис-иләжларына қаладағы басқарыў уйымлары, ҳуқық қорғаў ҳәм бақлаў мекемелери басқа мекеме ҳәм шөлкемлердиң белсене қатнасыўын тәмийнлеў зәрүрлиги атап өтилсин.

3. Жәмәәтшиликте ҳуқықый мәдениятты асырыў ҳәм жынаятшылықтың кемейиўине ерисиў ушын суд мәжилислерин судлар менен келисилген ҳалда ғалаба хабар қураллары арқалы көрсетиў

иләжлары күшейттирилсин.

4. Усы шешим қала ҳәкимлигиниң рәсмий веб-сайтына жәриялансын.

5. Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў Халық депутатлары Нөкис қалалық Кеңесиниң Суд-хуқық мәселелери ҳәм коррупцияға қарсы гүресиў бойынша турақлы комиссиясына жүкленсин.

Keńes baslıǵı **U.Panaev**